



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON AP KÒMANSE SOU YON PWOJÈ
SANTYE BLAK DIAMOND \$2 MILYON DOLA**

***Konstriksyon an ap fini uit kilomèt santye ki te premye anvizyone nan ane 1970
yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse konstriksyon te kòmanse sou yon pwojè \$2 milyon pou konplete premye Faz nan Santye Black Diamond nan Konte Tompkins.

“Santye Black Diamond se yon resous lwazi enpòtan pou rejyon an e amelyorasyon sa yo ke nou tap tann depi lontan ap plis elaji opòtinite anplennè pou rezidan ansanm avèk vizitè yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa ap chita sou fòs rejyon sa epi ede montre bote natirèl Southern Tier, ogmante touris ak aktivite ekonomik nan pwosesis la.”

“Santye Black Diamond ap konekte kominote ansanm avèk vizitè yo nan anpil bèl park nan rejyon an,” **te deklare Komisyonè State Parks Rose Harvey.** “Mwen rekonesan pou Gouvènè Cuomo, pou investisman ak lidèchip li nan amelyore ak elaji aksè a aktivite anplennè nan Eta New York.”

8.5 kilomèt seksyon santye a kouri nan yon ansyen liy tren ant Alan H. Treman State Park Marina/Cass Park ak Taughannock Falls State Park. Travay ap gen ladan amelyore travay sifas santye a epi ranplase oswa repare anpil kanivo. Pwojè ki fini a ap bay yon sifas pousyè an wòch ak nivo siperyè. Konstriksyon sipoze fini nan otòn 2016.

Kontraktè yo ap itilize gwo ekipman sa ki pral egzije ke seksyon sa nan santye a ap fèmen nèt pandan konstriksyon an.

Santye Black Diamond \$2 milyon dola ap finance grasa pworgam New York Parks 2020 Gouvènè Cuomo a, yon angajman plizyè ane pou ogmante \$900 milyon nan finansman piblik ak prive pou State Parks yo de 2011 jiska 2020. Gouvènè a te ajoute \$90 milyon nan bi inisyativ sa nan Bidjè Egzekitif 2016-17 li a.

Senatè Tom O'Mara, Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwonmantal Sena, te deklare, “Rejyon nou an gen chans pou l jwi de yon premye rezo sit istorik, park ak santye, enkli Santye Black Diamond. Li pwomèt pou l youn nan pi gwo santye plizyè itilizasyon, e se reyèlman bon nouvèl ke pwojè amelyorasyon sa sou wout. Envestisman sa yo pral fè yon wout long nan bi pou jwenn fiti kalite ak pwen fò fondasyon lwazi ak touris rejyon Finger Lakes.”

Manm Asanble Barbara Lifton te deklare, “Mwen kontan paske santye Black Diamond ke nou tap rete tann depi lontan finalman preske fini. Antanke yon moun ki mache anpil, mwen okouran ke nou gen yon bon sistèm santye isit la nan Konte Tompkins, sèvi kòm yon bèl resous pou rezidan ansanm avèk vizitè yo. Santye Black Diamond ap amelyore park lokal nou yo epi bay yon lyen enpòtan ant Trumansburg ak Ithaca pou moun kap mache ak sa kap monte bisiklèt yo. Biwo mwen an, ansanm avèk anpil lòt, te angaje tan yo nan ede pou wè pwojè sa rive nan fen l. Se yon wout long ki gen anpil difikilte, men rezilta final la ap sètènman vo lapènn.”

Majistra Ithaca Svante Myrick te deklare, “Kòmansman konstriksyon santye sa ke nou tap rete tann depi lontan se bon nouvèl pou kominote nou an. Mwen remèsye Gouvènè a ansanm avèk patnè nou yo nan lejislati a ki angaje pou finanse gwo resous lwazi sa ke touris yo pral itilize ak kominote nou an pou ane kap vini yo.”

Santye Black Diamond, ki te premye anvizyone nan kòmansman ane 1970 yo, se yon santye planifye 12- kilomèt ki pral evantyèlman konekte Taughannock Falls State Park nan Robert Treman State Park. Faz de, aktyèlman nan etap devlopman, ta travèse apati Alan H. Treman State Park Marina sou pati nò Ithaca pou rive nan Buttermilk Falls State Park sou pati sid vil la, epi kontinye nan sid pou rive nan Robert Treman State Park.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418